ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№106 (24.232) ● 2021 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Угъурлыуэ къытхущІэкІыну!

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр



## КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терроризмэм ебэныным щызэкъуэувэным и махуэмкІэ цІыхухэм зэрызахуигъазэ

Урысей махуэгъэпсымкІэ фокІадэм и 3-р Терроризмэм ебэныным щызэкъуэувэным теухуа махуэщ. Ар къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ 2004 гъэм фокІадэ мазэм и япэ махуэхэм Беслъэн къалэм къыщыхъуа гукъутэ ІуэхугъуэхэмI. Абы щыгъуэм терактым цІыху 300-м щІигъу хэкІуэдауэ щытащ, я нэхъыбэр сабийуэ. А къэхъукъащІэ шынагъуэм къигъэлъэгъуащ абы и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ и гъэзэщІакІуэхэмрэ я нэмыукІытэншагъэм, гущІэгъуншагъэм, бзаджагъэм, гъэпцІагъэм гъунэ зэримыІэр.



Терроризмэр лейзехьэ Іуэхугъуэшхуэу зэрыщытыр Къэбэрдей-Балъкъэрми игъэунэхуащ. Иджыри тщыгъупщакъым 2005 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щІыналъэм щекІуэкІа къэхъукъащІэхэр. Абы щыгъуэ Налшык щызэрахьэ терактым хэкІуэдащ къызэрыгуэкІ цІыху 15-рэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэу 35-рэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къыкІэлъыкІуэ илъэсхэми, терроризмэм хэщІыныгъэншэу дыпэщІэтыфакъым.

Террористхэм яІэщІэкІуэдахэр тщыгъупщэркъым. Дэ, нобэ псэухэм, ди къалэнщ бзаджащІэхэм яІэщІэкІуэдахэм я фэеплъыр тхъумэным къищынэмыщІауэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зэи къэмыгъэхъужынымкІэ тхузэфІэкІ тщІэныр. Абы папщІэ лъэпкъ куэд щыпсэу Урысейм, зэманми игъэунэхуауэ, лІэщІыгъуэкІэрэ къыдекІуэкІ зэгурыІуэныгъэр, зэхущытыкІэфІхэр, псэкупсэ лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэр, хабзэ дахэхэр зэрытхъумэным, зэрыщІэдгъэбыдэным дыхущІэкъун хуейщ.

**КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм дэщІыгъуу фокІадэм и 1-м ди республикэм щагъэлъэпІащ ЩІэныгъэхэм я махуэри. Гухэхъуэт а пщэдджыжьыр. ДэнэкІи хуэдэу, ди щІыналъэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я уэрамхэм къыдыхьат удз гъэгъа Іэрамэ дахэхэр зыІыгъ, екІуу хуэпа ныбжьыщІэхэр. Ахэр хуэпІащІэрт я школхэм щекІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхыхьэхэм, я япэ дерсхэм. Псом хуэдэжтэкъым махуэшхуэр нэхъыбэу зыхуэщІа сабийхэу япэ дыдэу япэ классым кІуэхэм яІэ гукъыдэжым и инагъыр. Апхуэдэ цІыкІухэм я бжыгъэр ди республикэм мы гъэм мин 12,5-м щыщІегъу. Псори зэхэту къапщтэмэ, гъэ еджэгъуэщІэр яублэжащ ди щІыналъэм и ныбжьыщІэ мини 115-м щІигъум.**

ШКОЛАКІУЭХЭМ я гуфІэгъуэр даІыгъыну, ЩІэныгъэхэм я махуэмкІэ ехъуэхъуну дэтхэнэ курыт еджапІэми а махуэм яхуеблэгъащ хьэщІэ лъапІэхэр. Апхуэдэхэт КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, район, къалэ, къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр.

ГуфIэгъуэ зэхуэсхэр






# Гумрэ псэмрэ зыгъэпIейтей

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ гъэ еджэгъуэщIэм хуэщIа гуфIэгъуэ зэхыхьэу Шэрэдж районым хыхьэ Жэмтхьэлэ Ипщэм щызэхашам. ЩIыналъэ администрацэм и унафэщI Муртазов Борис и гъусэу ар яхуэзащ Чубаков Алий и цIэр зэрихьэу жылэм дэт курыт школым и егъэджакIуэхэмрэ езанэ классым щIэтIысхьахэмрэ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ псалъэ гуапэ куэд яжриIащ **КIуэкIуэ Казбек.** Япэ классым щIэтIысхьэ цIыкIухэм защыхуигъазэм, абы къыхигъэщащ ЩIэныгъэхэм я махуэр абыхэм я дежкIэ дуней щIэщыгъуэм хэзышэну гъуэгум и къежьапIэу зэрыщытыр икIи абдеж щегъэжьауэ абыхэм гъащIэм къащыхуэщхьэпэн гъэщIэгъуэн куэд къызэращIэнури жиIащ. Апхуэдэу КIуэкIуэм фIыщIэ яхуищIащ къыхаха IэщIагъэм хуэпэжу я къалэн гугъур жэуаплыныгъэ зыхащIэу зыгъэзащIэ егъэджакIуэхэми.

ЩIэныгъэхэм я махуэм хуэгъэпса псалъэ гуапэхэр КъБР-м и Iэтащхьэм щитхащ и Инстаграм напэкIуэцIыми. «ПщIэ зыхуэсщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэ! ШколакIуэхэ, студентхэ, егъэджакIуэхэ, адэ-анэхэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ЩIэныгъэхэм я махуэмкIэ, гъэ еджэгъуэщIэр зэрывублэжымкIэ, - итщ а зыхуэгъэзэныгъэм. - ФокIадэм и 1-р дэтхэнэ егъэджакIуэми гъэсакIуэми я дежкIэ зыпэрыт IэнатIэм и гъунэщIэр щрилъ, зыхуэзэша и гъэсэнхэм щаIуущIэж гуфIэгъуэ махуэщ. ШколакIуэхэмрэ студентхэмрэ ядежкIэ а махуэр мэхъу щIэныгъэщIэхэр зэгъэгъуэтыным, ныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, къэкIуэну гъащIэ хьэлэмэтым икIи купщIафIэм я щIэдзапIэ. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зи гъащIэр епха дэтхэнэми сохъуэхъу лъэхъэнэщIэр Iуэху гъэщIэгъуэн куэдкIэ гъэнщIауэ ефхьэкIыну, щIэныгъэщIэхэм я дунейм фыхэзышэ нобэрей махуэр угъурлы дыдэ псоми тхуэхъуну».

А махуэм гуфIэгъуэ зэхыхьэ ин щекIуэкIащ Май щIыналъэми. Абы хыхьэ **Ново-Ивановскэ жылэм** фокIадэм и 1-м къыщызэIуахащ Козуб Шурэ и цIэр зезыхьэ лицей №7-м и унэщIэр. Ухуэныгъэр зэфIагъэкIащ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьын» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Гекчиев Заур**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**, Май районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Саенкэ Татьянэ**, УФ-м и Лъэпкъ гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Трушин Алексей**, щIыналъэм щылажьэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, къуажэдэсхэр.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкIыу Егоровэ Татьянэ махуэшхуэмкIэ гуапэу ехъуэхъуащ къызэхуэса псоми.

- ФокIадэм и 1-р гумрэ псэмрэ зыгъэпIейтей махуэщ куэдым я дежкIэ. Ар идопх щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным ехьэлIа IэмалыщIэхэм, творческэ бгъэдыхьэкIэщIэхэм, ехъулIэныгъэщIэхэм дыхуэзышэ Iуэху зехьэкIэщIэхэм. А псори зэпхыжар къытщIэхъуэ щIэблэм гъэсэныгъэ екIурэ щIэныгъэ куурэ етынращи, егъэджакIуэхэми, школакIуэхэми, адэ-анэхэми фи гугъапIэхэр нахуапIэ хъуну сынывохъуэхъу, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Ново-Ивановскэ жылэм щыпсэухэм я дежкIэ нобэрей гуфIэгъуэр тIуащIэщ: ЩIэныгъэхэм я махуэм япэу и бжэхэр къызэIуех сабий 440-рэ щеджэным хуэщIа школыщIэм. Ар еджапIэ дахэщ жыпIэныр мащIэ дыдэщ - школыщIэр къызэгъэпэщащ зыхуей-зыхуэфI псомкIи, абы Iэмал псори иIэщ щIэблэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтынымкIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Егоровэр гуапэу ехъуэхъуащ школыщIэм и егъэджакIуэхэми, щеджэну цIыкIухэми, абыхэм я адэ-анэхэми. Гулъытэншэ ищIакъым КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэри икIи къыхигъэбелджылыкIащ щIыпIэм, республикэм щыпсэу дэтхэнэми зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэр къэралыгъуэр нэхъри зыгъэбыдэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр.

Парламентым и пашэм жиIа псалъэхэм къыдыщIагъуу, гуфIэгъуэ зэхуэсым кърихьэлIахэм гуапэу ехъуэхъуащ Гекчиев Заур, Саенкэ Татьянэ, нэгъуэщIхэри. ШколыщIэм и бжэр къызэIуахыу, абы ищIа лентI плъыжьыр зэпаупщIащ хьэщIэ лъапIэхэм. ЕджапIэр зыухуа «АССО» фирмэм и унафэщI Настаев АлисултIан лицеищIэм и пашэ Хиврич Еленэ тыгъэ хуищIащ унэщIэм и IункIыбзэIухыр.

ГуфIэгъуэм хэтахэм школыщIэм зыщрагъэплъыхьащ, фэеплъ сурэтхэри зытрагъэхащ.

Махуэшхуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIащ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэми, абыхэм епха колледжхэми. **Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым** фокIадэм и махуэшхуэхэм, ЩIэныгъэмрэ технологиемрэ я илъэсым ирихьэлIэу къыщызэрагъэпэщащ «Иджырей урысей щIэныгъэр» лекцэ зэIухахэр. КъБКъУ-ми абы и къудамэ псоми щекIуэкIащ лекцэ купщIафIэ зэмылIэужьыгъуэу 23-рэ. Абыхэм къеджащ университетым и щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр. «Иджырей щIэныгъэм зэрызиужьыр», «Жылагъуэмрэ щIэныгъэмрэ», «ЩIэныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр» темэхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуат лекцэхэр. Студентхэм хьэлэмэт куэд яжезыIахэм ящыщщ химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Хьэшыр Светланэ**, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым и щIэныгъэ унафэщI **Грусман Владимир**, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, университетым грантхэмкIэ и къудамэм и инженер **Тумэ Аскэр** сымэ, нэгъуэщIхэри. ФокIадэ мазэм къриубыдэу апхуэдэ лэжьыгъэхэм пащэнущ.

**КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым** къыщызэрагъэпэща апхуэдэ гуфIэгъуэм зыкърахьэлIащ абы щылажьэ IэщIагъэлIхэмрэ щеджэ студентхэмрэ нэмыщI, абыхэм я адэ-анэхэми. ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIэкIащ КъБКъМУ-м и ректор **Апажэ Аслъэн**. Ар къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ ЩIэныгъэхэм, КъБР-м и Къэралыгъуэм я махуэмкIэ.

- Нобэ, ЩIэныгъэхэм я махуэм, студентрэ школакIуэу минищэ бжыгъэхэм яублэжащ лъэхъэнэщIэр. Си гум къыбгъэдэкIыу захузогъазэ егъэджэныгъэм хыхьэжахэми, еджапIэхэм я бжэхэр япэу къызэIузыхахэми. Дэтхэнэм и дежкIи нобэрей махуэр ирехъу ехъулIэныгъэщIэхэм, щIэныгъэщIэхэм укъыхуезыджэ уэздыгъэ нэху, къахущIрекI ар лъагапIэщIэхэм хуэзышэ гъуэгу бгъуфIэ, - жиIащ Апажэм. - Ди мэкъумэш университетым щеджэхэм, абы и езанэ курсым къыщIэтIысхьа щIалэгъуалэм сохъуэхъу къыхаха IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтыну, студент илъэсхэр щызу, Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ икIи хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIауэ ирахьэкIыну. Университетым и егъэджакIуэхэм ялъэкI псори ящIэнущ, фэ щIэныгъэ куу зэвгъэгъуэтын папщIэ. Абы щхьэкIэ еджапIэ нэхъыщхьэр къызэгъэпэщащ зыхуэныкъуэ псом- кIи: техникэ лъэщхэмкIи, технологие пэрытхэмкIи, IэщIагъэлI IэзэхэмкIи. Студентхэм IэмалыфIхэр яIэщ зрагъэгъуэт теорие щIэныгъэр практикэ IуэхущIапIэхэм щыщIагъэбыдэжыну. Апхуэдэхэм я бжыгъэр 200-м ныбзэрохьэс. КъинэмыщIауэ, еджэным къыщыдэхуэ зэманым ди студентхэр жыджэру хэтщ университетым, республикэм и жылагъуэ гъащIэм. Ди щIалэгъуалэм ящыщ куэд дахьэх спортым, гъуазджэм, щэнхабзэм.

Ректорым зэрыжиIамкIэ, мэкъумэш университетыр лэжьыгъэкIэ япыщIащ ди къэралми хамэ щIыналъэхэми щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэхэм ящыщщ, къапщтэмэ, Абхъазым, Азербайджаным, Белоруссием, Словакием, Корее Ипщэм, Швейцарием я мэкъумэш университетхэр, институтхэр.

Университетым и езанэ курсым и студентхэм зыщрагъэплъыхьащ еджапIэм и унэхэм. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ концертышхуэр куэдым ягу ирихьащ. Зэхуэсым и кIэухыу абы хэтахэм зытрагъэхащ фэеплъ сурэтхэр.

Апхуэдэу гукъинэу, Iэтауэ, атIэми «Роспотребнадзор»-м къигъэув санитар-эпидемиологие хабзэхэм тету, ди щIыналъэм щагъэлъэпIащ ЩIэныгъэхэм я махуэхэр. ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIащ къалэхэм, къуажэхэм дэт курыт школ псоми. Ахэр ягъэдэхащ еджакIуэхэм къызэрагъэпэща концертхэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**







Iэтащхьэм и зы махуэ





# ЕфIэкIуэныгъэм и нэщэнэу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зи пашэ гупыр фокIадэм и 1-м щыIащ республикэм промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ и предприятэхэм ящыщу зыбжанэм, гъуэгуухуэхэм я лэжьыгъэр языныкъуэ щIыпIэхэм зэрыщекIуэкIыми щыгъуазэ зыхуащIащ.**

КЪБР-М и Iэтащхьэм мы иджырей и зекIуэм дэщIыгъуащ республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, мэкъумэш хозяйствэмкIэ, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министрхэу **Сыжажэ Хьэсэнрэ ДыщэкI Аслъэнрэ**, щIыпIэ администрацэхэм я тхьэмадэхэр.

Гупыр япэщIыкIэ Старэ Шэрэдж къуажэм кIуэри, «Агро Плюс» ООО IуэхущIапIэм и хадэхэкIыр къыщрахьэлIэж губгъуэм щыIащ. Предприятэм и IэмыщIэ илъ щIы Iыхьэхэм мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ къыщрахьэлIэж бэву къащыхуэхъуа помидорыр, нащэр, шыбжийр, къуэнтхъурейр (нащэгъэфIэIу). Щылажьэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, «Агро Плюс» IуэхущIапIэм и продукцэр ди къэралым и щIыналъэ куэдым Iэрагъэхьэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэр щIым къытраха хадэхэкIыр, иужькIэ щэхуакIуэхэм я деж зэрынагъэсыфыным теухуауэ, консерв щытыкIэм изыгъэувэжыф предприятэ нэхъ лъэрызехьэхэм зэращыщри. IуэхущIапIэм мы зэманым цIыхуи 180-рэ щолажьэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, «Ленинцы» зи фIэщыгъэ мэкъумэш хозяйствэм и хэщIапIэр Май щIыналъэм хыхьэ Ново-Ивановскэ къуажэм щыIэщ. Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дзей зэдэлэжьэкIэм тет а IуэхущIапIэм и гъавэ щIапIэхэри къиплъыхьащ. Мы махуэхэм хуэзэу, хозяйствэм хьэцэпэцэр щызэщIакъуэжащ, хьэдзэ зыщI нартыхум и къехьэлIэжынми щыщIадзащ.

Зи гугъу тщIы предприятэм дызэрыт лъэхъэнэм цIыху 313-рэ щолажьэри, и губгъуэхэм нэхъыбэу къыщагъэкIыр гуэдз, хьэ, зэнтхъ, джэшцIыкIу (горох), дыгъэгъазэ (сэхуран), соя лъэпкъыгъуэхэрщ, апхуэдэ дыдэуи, силосым хуахах нартыхур, удз лIэужьыгъуэхэм ящыщу илъэс фIэкIа зи мыпIалъэхэри, илъэс бжыгъэкIэ къыщызэщIэувэхэри ехъулIэныгъэ яIэу щыIуахыж. ДызыщыгуфIыкI хъуну къыхэгъэщыпхъэр аращи, IуэхущIапIэм мы лъэхъэнэм цIыху 313-рэ Iутщ. Ар, дауи, мащIэкъым зы къуажэм дежкIэ.

КIуэкIуэ Казбек зи пашэ гупым а махуэм щыгъуазэ зыхуащIащ Герменчик дэт «ЭРПАК» ЗАО IуэхущIапIэм и лэжьэкIэр зыхуэдэми. ЩыIахэм къызэрыхагъэщамкIэ, зи гугъу тщIы предприятэм къыщIигъэкI продукцэр арэзы укъэзыщIщ. Псом хуэмыдэжу, промышленностымрэ хьэрычэт Iуэхумрэ къыщагъэсэбэп, и уасэкIи, хьэлъагъыу къишэчымкIи, экологие и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншэу къызэрыщIэкIымкIи зихуэдэ щымыIэу зыщэхухэм къалъытэ гофрокартотнымрэ ар зэрызэпкъралъхьэ, зэрызэхагъэувэ тхылъымпIэ упIэщIамрэ ди къэралым и щIыпIэ куэдым щIэупщIэшхуэ щаIэщ. Щапхъэ щIыкIэу къэдгъэлъэгъуэнщи, мазэ зэхуакум къриубыдэу, зи гугъу тщIы продукцэм хуэдэу мыбдежым къыщыщIагъэкI, псори зэхэту, тонн мини 4-м щIигъу къэзышэчын. Абы щыгъуэми IуэхущIапIэм Iутыр цIыху 300-м нэблагъэ къудейщ. А псом къыдэкIуэуи, картоным хэлэжьыххыж предприятэхэм ящыщу хужь зытегъэлъэда тхылъымпIэ зыгъэхьэзыру Урысей Федерацэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэр «ЭРПАК» ЗАО зэгухьэныгъэм и закъуэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм а махуэ дыдэм къиплъыхьащ «ВоенТекстильПром» ООО-м ди республикэм щиIэ «Авангард» дэрбзэр IуэхущIапIэм и хэщIапIэ нэхъыщхьэу Налшык къалэ къыщызэIуахари. И гуэдзэн фабрикэхэу Бахъсэн къалэрэ Дзэлыкъуэкъуажэрэ дэтхэри яхэту, мы IуэхущIапIэм, псори зэхэту, цIыху 600-м нэблагъэ щолажьэ. Къэплъытэ зэрыхъунумкIи, зэгухьэныгъэр ящыщщ инвестицэ зыхалъхьа проект нэхъ ин дыдэу ди республикэм къыщыунэхуахэм.

Махуэ лъапIэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа зекIуэм къриубыдэу, КIуэкIуэ Казбек зи пашэ гупым хэтхэм къаплъыхьащ Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан-Суу автомобиль гъуэгум и зы Iыхьэу километрих зи кIыхьагъри. КъулыкъущIэхэм къызэралъытамкIэ, абы и зэгъэзэкIуэжыным пыщIа лэжьыгъэ псори къызэгъэпэщакIуэхэм и чэзум зэфIагъэкIащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, иджырей мардэхэм къитIасэу асфальт-бетон «тепIэныщIэр» тралъхьащ, машинэ зекIуапIэм и Iуфэхэр ягъэбыдащ, гъуэгугъэлъагъуэ нагъыщэхэр здэщытыпхъэхэм щагъэуващ, лъэс зэпрыкIыпIэхэр щагъэнэIуащ. Мы щIыпIэр зыхуей хуэзыгъазэ гъуэгуухуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, 2022 гъэм къриубыдэу абыхэм я мурадщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа гъуэгум щыщу, Жэмтхьэлэ, Зэрэгъыж къуажэхэр зэпызыщIэ и Iыхьэр зэрыщытыпхъэу зэрагъэпэщыжыну, уеблэмэ, и гъунэхэм къэзызыгъэнэху уэздыгъэхэр зыпылъыну пкъохэр щагъэувыну.

КъБР-м и Iэтащхьэм гъуэгуухуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, дунейм и щытыкIэм, зэрыпэмыплъауэ, щIэх-щIэхыурэ зэрызихъуэжыр зэран зыхуамыгъэхъуу, я лэжьыгъэр пIалъэу зыхуагъэувыжам къитIасэу зэрызэфIагъэкIамкIэ. КIуэкIуэ Казбек а псом къыдэкIуэуи къыхигъэщащ республикэм и автомобиль зекIуапIэхэр адэкIи егъэфIэкIуэным ехьэлIа лэжьыгъэм, УФ-м и Правительствэр я щIэгъэкъуэну, зэрыпащэнур. Iуэхум нэхъри зиубгъунущ «ФIагъ лъагэ зиIэ шынагъуэншэ гъуэгухэр» лъэпкъ проектым ипкъ иту.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**









# Узыфэм земыгъэубгъунымрэ гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырымрэ Iэтащхьэхэм я нэIэ щIэтщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек шыщхьэуIум и 31-м иригъэкIуэкIащ зи чэзу «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр Езауэ Анзор, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр.**

КЪАЛЭБАТЭ Рустам жиIащ мы зэманым республикэм эпидемиологие щытыкIэр нэхъ зэпIэзэрыт зэрыщыхъуар, сымаджэщхэм ягъэгъуэлъхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъур. Псори зэхэту госпиталхэм гъуэлъыпIэ 745-рэ щIэтщ, абыхэм ящыщу 614-м сымаджэхэр илъщ, реанимацэхэм цIыху 76-рэ щIэлъщ, амбулаторнэу йоIэзэ цIыху 969-м. Вакцинэр цIыху мини 160-рэ хуэдизым халъхьащ, абыхэм ящыщу мини 125-м мастэм и етIуанэ хэIугъуэр ирахьэлIащ. ЦIыхухэр узыфэм зэрыпэлъэщын иммунитет жылагъуэм игъуэтын папщIэ мастэр зыхалъхьахэр процент 40,3-м нэсащ. Мастэр цIыхухэм яхэIунымкIэ бжьыпэр яIыгъщ Дзэлыкъуэ, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэхэм, апхуэдэуи Прохладнэ къалэ округым.

Республикэм и Iэтащхьэм муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэм яжриIащ вакцинэр зыхегъэлъхьэным мыхьэнэуэ иIэр цIыхухэм гурагъаIуэу епсэлъылIэн зэрыхуейр. Абы ягу къигъэкIыжащ фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ республикэм и школхэм махуэрыеджэу лэжьэн зэрыщIадзэжынур икIи Санитар дохутыр нэхъыщхьэм къигъэува санитар-эпидемиологие мардэхэм адэкIи тетын зэрыхуейр.

Езауэ Анзор жиIащ республикэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкэ и Iэнатiэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырыр, махуэшхуэ зэхыхьэхэр япэ классым кIуэ цIыкIухэм щхьэкIэ фIэкIа къызэрызэрамыгъэпэщынур, еджапIэхэм санитар мардэхэм тету лэжьэн зэрыщIадзэжынур. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ Пролетарскэ къуажэм дэт курыт еджапIэр, Iэтащхьэм эфир занщIэр щригъэкIуэкIым цIыхухэр къыщIыхуэтхьэусыхауэ щытар, зэгъэпэщыжын зэраухар. ЦIыху 500 щIэхуэн хуэдэу Красносельскэ къуажэм щаухуэну школыщIэм и проект-сметэ тхылъхэр ягъэхьэзыр. Мы зэманым КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм тхылъхэр игъэхьащ Урысей Федерацэм «Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьын» и къэрал программэм ипкъ иткIэ щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтыным хуэунэтIа субсидиехэр къызэрыдах проектхэм щыхэплъэ зэпеуэм. КIуэкIуэ Казбек щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм чэнджэщ яритащ сабий социальнэ IуэхущIапIэхэм иджыри зэ кIуэуэ зыщаплъыхьыну, ныкъусаныгъэхэр щыIэмэ, ахэр ягъэзэкIуэжын хуэдэу.

Мусуков Алий зэIущIэм хэтхэр щыгъуазэ ищIащ муниципальнэ щIыналъэхэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэм. Лъэпкъ проектийм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщIэным трагъэкIуэдэну къыхуаутIыпща сом мелард 1,6-м щыщу сом мелуан 968-р е процент 58-р, зыхухаха Iуэхухэм къыхуагъэсэбэпащ. Нэсу зэфIагъэкIащ «Творческэ цIыхухэр» проектым къыщыгъэлъэгъуахэр, «Ущыпсэуну тынш щIыпIэ» проектым щыщу муниципальнэ объект 32-м ухуэныгъэхэр щызэфIагъэкIащ, адрей объектийм лэжьыгъэхэм щыпащэ. Апхуэдэуи «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» проектым ипкъ иткIэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ школхэм я спортзалхэр.

«Муниципальнэ сыхьэтым» хыхьэу апхуэдэуи тепсэлъыхьащ щIыналъэхэм къабзагъэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм пщэрылъ щищIащ муниципальнэ администрацэхэр «Экологистика» IуэхущIапIэм зэрыдэлажьэм и нэIэ трагъэтыну, цIыхухэм апхуэдэ Iуэхутхьэбзэу хуащIэр ирагъэфIэкIуэну.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# Усен Олег Мусэ и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэмрэ журналистикэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 69-м иту дунейм ехыжащ театрымрэ киномрэ я артист, журналист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Усен Олег Мусэ и къуэр.

Усеныр 1953 гъэм къыщалъхуащ Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэм. КъБКъУ-р, абы иужькIэ Мэзкуу дэт Театр гъуазджэмкIэ институтыр (ГИТИС) къэзыуха артист щIалэр илъэс 35-кIэ итащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и утыкум. Езыр щыпсэу республикэр ефIэкIуэн папщIэ и къару емыблэжа цIыхум и гъащIэ гъуэгущ Усен Олег къызэринэкIар.

ЩIалэм и гуащIэр хилъхьащ журналист IэщIагъэми. Усеныр щылэжьащ «Северный Кавказ», «Газета Юга» газетхэм. Республикэм и цIыхубэ гъащIэмрэ абы и политикэ зэхэтыкIэмрэ гунэсу тетхыхь журналистым и тхыгъэхэр газетеджэхэм и езым и лэжьэгъухэми ягу ирихьу, къалъыхъуэу, дихьэхыу апхуэдэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм зэи ящыгъупщэнукъым зэчиифIэу, хьэл-щэн дахэ къигъэлъагъуэу дунейм тета Усен Олег Мусэ и къуэр.

*КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.*

# Сенаторым хьэрычэтыщIэхэр трегъэгушхуэ

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкI сенатору щыIэ Къанокъуэ Арсен иджы етIуанэу иублэ «StartUp 5642» хьэрычэтыщIэ проектхэмкIэ зэхьэзэхуэр шыщхьэуIум и 23-м иригъэжьащ.**

ХЬЭРЫЧЭТ Iуэхум зезыпщытыну хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис щIалэгъуалэм псапащIэ щIыкIэу Къанокъуэр зэрадэIэпыкъу зэпеуэр Iыхьищу зэхэлъщ, ар щэкIуэгъуэм и 30-м иухынущ.

Япэ Iыхьэм, жэпуэгъуэм и 23 пщIондэ, зэхьэзэхуэм хэтхэм я бизнес-планхэмрэ презентацэхэмрэ ирагъэхьын хуейщ @startup5642@mail.ru электрон пощтым. А къагъэхьа проектхэм нэхъыфIхэр, зэпеуэм къигъэув жыпхъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи изагъэхэр етIуанэ Iыхьэм къыщыхахынущ. Проектхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр экономикэ, техникэ я лъэныкъуэкIэ гъащIэм хыупщэфын хуэдэу щытын хуейщ, хьэрычэт Iуэхум продукцэщIэ е цIыхухэр зыхуэныкъуэ гуэр къыщIигъэкIыу, къызэригъэпэщу щытыныр Iэмал зимыIэщ, бизнес-планыр и кIэм нэс убзыхупхъэщ, къыщыгъэлъэгъуа Iуэхутхьэбзэр адрейхэм зэрефIэкIым, нэгъуэщI хьэрычэтыщIэхэр лъэпощхьэпо къыхуэмыхъуфын хуэдэу зэрыгъэпсар щызэпкърыхауэ зэхэлъхьамэ, нэхъыфIщ. Ещанэ Iыхьэм IэщIагъэлIхэм къыхаха проект нэхъыфIхэр Къанокъуэ Арсен инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым кърапъхьэнущ, абы кIэлъыплъхэм Iэ яIэтын хуэдэу.

Мис а IэIэтым кърикIуахэмкIэщ зэпеуэм щытекIуахэр къызэралъытэнур.

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэм я мурадхэр зрагъэхъулIэнымкIэ грант дэIэпыкъуныгъэ яритынущ Къанокъуэ Арсен. Япэ увыпIищыр къэзыхьхэм сом мелуан зырыз яхухихынущ, иджыри сом мин щитхущитху зратыну цIыхуитI къыхахынущ, цIыхуитхум сом мин 250-рэ дэтхэнэми иратынущ.

Зэпеуэм хэт хъунущ жэрдэм зиIэ дэтхэнэ зыри. Абы и мурад нэхъыщхьэр хьэрычэтыщIэ жыджэрхэмрэ зэчиифIэхэмрэ я Iуэхур ядиIыгъкIэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм зегъэужьыныршщ; технологие IэмалыщIэхэр къыщагъэсэбэп, иджырей зэманым декIу хьэрычэтыщIэ Iуэхухэр къызэIухыныршщ; экономикэ и лъэныкъуэкIэ лъабжьэ быдэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ мылъкурэ чэнджэщкIэ ядэIэпыкъуныршщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхуипщIым ахъшэкIэ ядэIэпыкъунущ сенаторыр. Абы къалэну зыхуегъэувыж зэхьэзэхуэм кърикIуэм ипкъ иткIэ, къыщалъхуа республикэм ехъулIэныгъэфI зиIэну хьэрычэт Iуэху къыщызэIуахыныр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Бжьыхьэм къигъэлъэгъуэнущ

**2021 гъэм дызэрытехьэрэ зи уасэр хуэдитIкIэ хэхъуа ерыскъыхэкIхэм къакIэрыхуркъым пхъэщхьэмыщхьэхэри. Урысейм и сату щIыпIэхэр зыгъэнщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Краснодар щIыналъэмрэщ. Пхъэщхьэмыщхьэхэм я уасэр здынэсынур бжьыхьэм белджылы къэхъунущ.**

АПХУЭДИЗ щIымрэ псымрэ диIэу пхъэщхьэмыщхьэм и уасэм хэхъуэныр псом япэу къызыхэкIыр жыг лIэужьыгъуэщIэхэр къэгъэкIыным елэжьу щыта щIэныгъэлI Iэзэхэм я зэфIэкIым пэхъун дызэримыIэжырщ. Абы къыхэкIыу пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр къыщытщэхун хуей мэхъу иджырей селекционнэ лэжьыгъэхэмкIэ илъэс 20-30-кIэ ди япэ ища европей къэралыгъуэхэм.

- Урысейми къыщагъэкI жыг лIэужьыгъуэщIэхэр, ауэ апхуэдизу укъызыкIэрыхуа Iуэхум ухэзэгъэжыным зэманышхуэ текIуэдэнущ: жыг лIэужьыгъуэщIэ къэбгъэкIыным илъэси 10-м нэс токIуадэ. Абы елIэлIэну хуэмей иджырей ди селекционерхэм я нэхъыбэм хъу-мыхъуми зыгуэрхэр зэхатхъуэурэ цIыхур къагъапцIэ, - жиIащ Москва областым и жыггъэкIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Туманов Андрей.

Адрей щIыпIэхэм елъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхур ефIакIуэ зэпытщ. Ижь лъандэрэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг лъэпкъыфIхэр къэгъэкIыным ехьэлIауэ лъэпкъым къыдекIуэкIа Iэмалхэмрэ иджырей технологиещIэхэмрэ зэгъусэу къызэрагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм и дуней щытыкIэм сыткIи хуэкIуэ мыIэрысейхэр щощIэращIэ ди районхэми Налшык и Iэгъуэблагъэм щыIэ хозяйствэхэми. Иджыпсту абыхэм мыIэрысэ бэгъуахэр къыщыпачыж. КъапщтэмэI, 2020 гъэм Урысейм и сату щIыпIэхэм мыIэрысэу яIэрыхьам и Iыхьэ щанэр здрашар Къэбэрдей-Балъкъэрырщ.

Урысейм и мэкъумэш IэнатIэм и сату щIыпIэхэм кIэлъыплъынымкIэ институтым и унафэщI Рылько Дмитрий иджыблагъэ мыпхуэдэу къыхигъэщащ:

- Мы гъэм дуней щытыкIэм щIэх-щIэхыурэ зэрызихъуэжыр Къэбэрдей - Балъкъэрым и хьэцэпэцэм зэран хуэмыхъуа щхьэкIэ, я мыIэрысэм и хъугъуэ нэмысу къыпыхун щIидзащ. Абы къыхэкIыу 2021 гъэм зыщыгугъа тонн бжыгъэхэм я процент 30-р зэрафIэкIуэдынум шэч хэлъкъым. Урысейм псори зэхэту мыIэрысэ тонн 1 мелуанрэ ныкъуэрэ къыщрахьэлIэжыну щыгугъами, ари проценти 10-кIэ нэхъ мащIэнущ.

Франджымрэ Италиемрэ гъатхэм къыщыхъуа щIыIэм, Польшэмрэ Германиемрэ къащIэуа псым я Iэужьхэр Урысейми къыжьэхэуэнущ - щэху-нахуэми пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ я нэхъыбэр къыздикIыр а къэралхэрщ. Тыркур жыпIэнщи, и пхъэщхьэмыщхьэр япэу зыхуиутIыпщынур хэщIыныгъэ зыгъуэта европей къэралхэрщ. Абыхэм езыхэм я уасэ яIэжщ икIи фIэщщIыгъуейщ, ар нэхъ пуду къытIэрагъэхьэну.

Урысейм и тыкуэнышхуэхэу ди республикэм щылажьэхэм мыIэрысэ зы килограммым щиуасэр сом 70 - 90-м нэсмэ, ди тхьэмахуэ жармыкIэхэм ар фIыуэ нэхъ пуду щыбогъуэт. АрщхьэкIэ нобэ зекIуэ уасэм зыри тепщIыхь хъунукъым фокIадэр къэмысауэ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# БАГЪ Марьям: Адыгэ щIэблэр лъэпкъыпсэу къэтэджын папщIэ

*Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лэжьа, журналистикэми зи зэфIэкI щеплъыжа Багъ Марьям зыхуэдгъэзащ щIэблэр лъэпкъыпсэу, я бзэм пщIэ хуащIу, фIыуэ ялъагъуу къэтэджыным теухуа и Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ иужьрей илъэситIым къыдигъэкIа тхылъхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.*

**- Марьям, илъэс зыбжанэкIэ курыт еджапIэм анэдэлъхубзэр щебгъэджащ. Адыгэ сабийр лъэпкъыпсэу къэтэджын папщIэ лэжьыпхъэхэм, ныбжьыщIэхэм къызыхэкIар, я бзэр Iумпэм ямыщIу, лъэпкъым зэрыхуэщхьэпэным я гупсысэр хуэгъэзауэ къэгъэхъуным теухуауэ къэбгъэсэбэпа уи Iэмалхэм я гугъу къытхуэщIыт.**

- Курыт еджапIэм сызэрыщыIа лъэхъэнэм къриубыдэу си псэм нэхъыфIу къилъытэ Iэмалу хъуар къэзгъэсэбэпащ. Нэхъ щхьэпэ хъуауэ къэслъытахэм сыкъытеувыIэнщ. Егъэджэныгъэм къыдэкIуэу гъэсэныгъэ дерсхэри сыт щыгъуи къызэзгъэпэщащ. Адыгэ хабзэм ехьэлIауэ нэхъ гу зылъытапхъэу къэслъытэхэр театр теплъэгъуэу, зэпеуэу, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэ защIэу къызэзгъэпэщащ. Апхуэдэщ адыгэ хабзэм щыщ Iыхьэхэр - адыгэ нысашэ, гущэхэпхэ, кхъуейплъыжькIэрыщIэ, адыгэ шхыныгъуэхэм, хъуэхъухэм, таурыхъхэм нэхъ удихьэхыу къеджэхэм, екIуу къафэхэм, псалъэзэблэдзхэм я зэпеуэхэр, адыгэм хьэкум зэрырагъэкIуэкIыу щытар, утыку итыкIэр, акъыл жаныр, Iущагъыр къыщагъэнаIуэ зэхыхьэхэр, нэгъуэщIхэри. АдыгэбзэмкIэ дерсхэм псалъэухауэ щызэпкърытхэм я нэхъыбэр адыгэ хабзэм къыхэсхырт. Япэрауэ, хабзэр зэдгъащIэрт, и мыхьэнэм дытепсэлъыхьырт, иужькIэ псалъэхэм я зэхэлъыкIэм, псалъэухам я зэпкърыхыкIэм дыкъытеувыIэрт.

Нэхъ цIыкIухэм къахузэзгъэпэщ адыгэбзэ дерсхэм я иужьрей дакъикъипщIыр Iэмал имыIэу къафэкIэ зэхуэсщIыжырт. Мо езэша цIыкIухэм я Iэпкълъэпкъым абы зригъэгъэпсэхурт икIи я гукъыдэжыр къиIэтырт. Езыхэми яфIэфI дыдэт. ЩIалэ цIыкIухэми пщащэ цIыкIухэми я увыкIэр, Iэгу еуэкIэр, утыкум зэрихьапхъэр, зэблэкIыкIэр – псори дахэу езгъэлъагъурт, нэхъ балигъ хъуа нэужьи утыкум екIуу ихьэфын хуэдэу.

Я цIэ-унэцIэр, зыщыщыр, къызыхэкIа лъэпкъыр, я адэанэр, адэшхуэ-анэшхуэхэр, къыдалъхуахэр, щыпсэу жылэр, зытес уэрамыр, зыщIэс унэр – Iэмал имыIэу адыгэбзэкIэ ящIэу езгъасэрт. УеупщIамэ, псори къэмыувыIэу къыбжиIэрт дэтхэнэ сабийми.

Гъэм и дэтхэнэ лъэхъэнэми - щIымахуэми, бжьыхьэми, гъатхэми, гъэмахуэми губгъуэм, тафэхэм, бгыхэм, псыхъуэхэм, джабэхэм, мэзхэм сшэрт. ЗыплъыхьакIуэ, мэракIуэщыпэ, бдзэжьеящэ, Iэжьэ къежэх – псори гукъинэжу едгъэкIуэкIащ. НыбжьыщIэм и къэухьым абы хуэдэу зезыгъэужь куэд щыIэкъым. Зригъэужьым и мызакъуэу, и лъахэр, и щIыналъэр, и Хэкур фIыуэ ирегъэлъагъу. Абы щалъэгъуа псор, я нэгу щIэкIар, къазэрыщыхъуар дыкъекIуэлIэжа нэужь дапщэщи езгъэтхыжырт. ДыздэщыIа щIыпIэхэм ехьэлIауэ тхыдэм къыхэщыжххэми дытепсэлъыхьыжырт. Губгъуэм уиту, мэзым ущIэту, псы Iуфэм уIусу, цIыху гуп бгъэхьэщIэн хуей хъумэ, нэхъыжь-нэхъыщIэкIэ зэрыбгъэтIысыну щIыкIэхэр, Iэнэр зэрекIуэкIыпхъэр - ахэри зэдгъащIэрт. ЩIыпIэм узыщрихьэлIэ псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм, абыхэм я цIэхэр къызытекIар – къапщтэмэ, куэд гъэщIэгъуэну зэпкърытхырт. Жьы къабзэм хэту ебгъащIэхэр: хабзэр, тхыдэр, георгафиер, биологиер, щIыуэпсыр зэи ящымыгъупщэу цIыкIухэм ягу ираубыдэ.

НэхъыжьыфIхэр къезгъэблагъэурэ еджакIуэхэм зэIущIэхэр къахузэзгъэпэщащ. Ахэр цIыкIухэм сытым хуэдэу тхъэгъуэ ящыхъурэт! «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуиIэ псалъэжьым дытету, «Уи лъэпкъым и тхыдэр пщIэну къыптохуэ» лэжьыгъэшхуэри къыдэхъулIэу едгъэкIуэкIащ. Езы сабийхэр абы иригуфIэу сытым хуэдиз къыщатIэщIыжат дэфтэр хъумапIэхэм.

УрысыбзэкIэ ди лъэпкъым теухуауэ ятхауэ щыIэхэр адыгэбзэкIэ зэддзэкIыжу, абыхэм дерсхэм дыкъыщеджэжу, дыщытепсэлъыхьыжу лэжьыгъэфIхэр къыдэхъулIащ. Абыи бзэхэм хуэIэрыхуэу ирегъасэ, анэдэлъхубзэри лъэпкъ тхыдэри фIыуэ зрагъэщIэным хуэщIауэ...

Грамматикэ лэжьыгъэ едгъэкIуэкIрэ, адыгэ тхакIуэхэм я гъащIэмрэ я тхыгъэхэмрэ дытепсэлъыхь къудей мыхъуу, лъэпкъым епха дэтхэнэ зы лъэбакъуэми щыдгъэгъуазэу, адыгэ хабзэр, бзэр, щIыуэпсыр зэкIэрымыхуу едгъэцIыхуу, едгъащIэу дахэтмэ, ди щIэблэр лъэщу гъэса хъунущ. Нобэрей ди щIэблэр Iущ цIыкIухэщ, акъылыфIэхэщ – узэхахынущ. Ауэ, лъэпкъым и цIыху дыхуеймэ, гъэсэныгъэ ядезыгъэкIуэкIын къэтлъыхъуэмэ, ныбжьыщIэхэм яхэбгъэхьэ хъунури егъэджакIуэ адыгэпсэхэрщ.

**- Адыгэ IуэрыIуатэм щыщ хъыбарыжьхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къызэрыдэвгъэкIар гуапэщ. Апхуэдэхэм икъукIэ дыхуэныкъуэщ.**

- IуэрыIуатэр зыфIэгъэщIэгъуэну класс нэхъыжьхэм щIэс си ныбжьыщIэхэм я гъусэу къуажэм дэс нэхъыжьхэм я деж дыкIуэурэ купщIэшхуэ зиIэ хъыбарыжьхэр илъэсищым къриубыдэу зэхуэтхьэсыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и секторым и щIэныгъэлI нэхъыжь, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Гъут Iэдэм и деж тхьыри, ар си рецензенту схухэлэжьыхьыжри, 2001 гъэм япэу «Щхьэлыкъуэдэсхэм я IуэрыIуатэр» къыдэзгъэкIащ. Сыхэлэжьыхьыжри, ар 2019 гъэм етIуанэу дунейм къытезгъэхьэжащ.

КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, си егъэджакIуэу щыта Нало Ахьмэдхъан и ныбжьыр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу, курыт еджапIэми «Адыгэ псалъэ» газетми зэуэ сыщылажьэу, интервью къеIысхыну пщэрылъ къысщащIащ. Абы щыгъуэ сытегушхуэри, «Щхьэлыкъуэдэсхэм я IуэрыIуатэ» си тхылъыр Нало Ахьмэдхъан естащ, ар къызэрыщыхъуар иужькIэ жезгъэIэжыну. Зы тхьэмахуэ дэкIри, Ахьмэдхъан редакцэм къэкIуат зы хъуржынышхуэ из IуэрыIуатэ къысхуихьри, и нэIэм щIэт студентхэм зэхуахьэсыжауэ щыта IуэрыIуатэр зэзгъэзэхуэжу къыдэзгъэкIыжыну къалэн къысщищIри. Абы щыгъуэ Ахьмэдхъан чэнджэщ къызитат: «Уэ утхэфынущи тхэ, газетым уигъэгъуэщынущ. Абы зэман щумыгъакIуэ!». ЗэрыжиIам хуэдэу, студентхэм зэхуахьэсыжа IуэрыIуатэр зэзгъэзэхуэжри, 2019 гъэм къыдэзгъэкIащ «Нало Ахьмэдхъан и еджакIуэхэм зэхуахьэсыжа IуэрыIуатэ» тхылъыр.

Абы къыкIэлъыкIуащ хэкурысхэм, кIахэм щыпсэухэм, хамэ къэралхэм щыхэхэс ди лъэпкъэгъухэм къаIуэтэжа пасэрей адыгэ хъуэхъухэр щызэхуэсхьэсыжа «Пасэрейм пэджэж нобэрей хъуэхъухэр» тхылъыр, ди республикэм къищынэмыщIауэ, «Жьэгужь мафIэ» фIэщыгъэр иIэу кIахэми диаспорэми къыщыдэзгъэкIар. Абы хэзгъэхьащ гуфIэгъуэ дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа хъуэхъу 200-м нэблагъэ. Лэжьыгъэм и кIэм къыщызгъэлъэгъуащ нобэ къэдмыгъэсэбэпыж пасэрей псалъэхэм я псалъэгъэнахуэр. Ари егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ яхуэщхьэпэну къызолъытэ.

Ди щIыпIэцIэхэр (къуажэхэм, псыежэххэм я цIэхэр) щызэхуэхьэса лэжьыгъэ адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ, щхьэхуэу адыгэбзэкIэ къыдэзгъэкIащ «Шыхулъагъуэ», «Гъуэгугъэлъагъуэ» топонимие тхылъ цIыкIухэр. КъыдэкIыгъуэхэм къыщызгъэлъэгъуащ ди щIыналъэм щыIэ жылэхэм, къалэхэм, бгыхэм, джабэхэм, къуэхэм, псыхъуэхэм пасэм зэреджэу щытахэр. КъуажэцIэхэр къызэрыщIидзэ хьэрфхэм щIызгъужащ зы псэущхьэрэ зы къэкIыгъэрэ я цIэхэр. А лэжьыгъэхэм фIэщыгъэ 500-м нэблагъэ къызэщIаубыдэ. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуэсщIащ адыгэхэр пасэм щыпсэуа щIыпIэцIэхэм.

**- Марьям, сабий IыгъыпIэхэм щыIэ цIыкIухэм къыщыщIэдзауэ курыт еджапIэм и еплIанэ классым щеджэхэм яхуэгъэзауэ иджыблагъэ дунейм къытехьа уи лэжьыгъэхэм укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- Иджыблагъэ къыдэкIа «Ныбжьэгъу цIыкIу» тхылъым ихуа псалъэхэр бзищкIэ – адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ – къэдгъэлъэгъуащ. Абы хэдгъэхьа псалъэхэмрэ абыхэм я сурэтхэмрэ зытеухуа елъытауэ зэщхьэщыхащ. Апхуэдэщ щхьэхуэу псэущхьэхэм, къуалэбзухэм, гъудэбадзэхэм, псым хэсхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадэхэкIхэм, мывэ лъапIэхэм, щIыуэпсым, нэгъуэщIхэм ятеухуахэр. КъыжыIапхъэщ, зытеухуа темэ и лъэныкъуэкIэ абы пкъыгъуэ 45-рэ зэрихуар. КъызэщIэпкъуэжмэ, тхылъым псалъэу зы минрэ щэ ныкъуэм щIигъу бзищымкIи къызэщIеубыдэ.

Адыгэбзэр гъэлэжьэным, нэхъыбэрэ къэгъэсэбэпыным хуэфащэ гулъытэ хуэтщIмэ, абы къытхуимыгъэтIэсэн, анэдэлъхубзэкIэ тхужымыIэн псалъэ щыIэкъым. Лэжьыгъэм щIэдзапIэ хуэхъуар хамэ къэрал щыпсэу си пхъурылъху цIыкIум адыгэбзэр Iурылъу къэгъэхъунырщ. Сабий IыгъыпIэхэмрэ курыт еджапIэхэм я пэщIэдзэ классхэмрэ гъэр икIыху ирилэжьэфыным тесщIыхьащ ар. Тхылъым и бжыгъэр зэрымащIэм къыхэкIыу иджыри псоми яIэрыхьакъым. КъызэхъулIэмэ, республикэм и школ библиотекэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ къыдэкIыгъуэмкIэ къызэзгъэпэщыну си хъуэпсапIэщ.

Апхуэдэу иджыри дгъэхьэзыращ сабий IыгъыпIэхэм щыIэ цIыкIухэм яхуэгъэза «Ди фо шырхэм папщIэ» къыдэкIыгъуэ щхъуэкIэплъыкIэр, лъэныкъуитIымкIи псалъэхэр къыщыхьа напэ 340-рэ хъур. Ахэр зытеухуа и лъэныкъуэкIэ зэрызэщхьэщыхар къэдгъэлъэгъуащ зэкIэлъыхьа напэкIуэцIхэм я къуапэхэм я плъыфэхэмкIэ. Абы хэдгъэхьа псалъэхэри бзищкIэ – адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ - къэдгъэлъэгъуащ, транскрипцэр щIыгъужауэ. Зытеухуа и лъэныкъуэкIэ зэхэмыгъуэщэн папщIэ гупитхуу зэщхьэщыха языныкъуэ псалъэхэр бзищымкIэ, адрейхэр адыгэ-урыс е адыгэ-инджылыз хьэрфхэмкIэ къэдгъэлъэгъуащ. Иужьрей гупым щыщ псалъэхэм я адыгэ хьэрфылъэхэм дизайнер IэдакъэщIэкIхэр щIыдгъужащ. КъыдэкIыгъуэхэм хэдгъэхьа дизайнер лэжьыгъэхэр зейр сипхъу, а IэщIагъэм хуеджа ГъущIапщэ-Къандур Томэщ. Тхылъхэм инджылызыбзэкIэ ихуа псалъэхэм я редакторыр Къандур Язанщ.

Сабийхэм яхуэгъэза а лэжьыгъэ щхьэпэм къызэщIеубыдэ лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэр, адыгэ дамыгъэхэр, дунейм и зэхэлъыкIэр, бжыгъэхэр, пщалъэхэр, геометрие пкъыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри. КъыдэкIыгъуэр и теплъэкIи, и мыхьэнэкIи цIыкIухэр дэзыхьэхыным хуэщIауэ зэрыдгъэхьэзырыным дыхущIэкъуащ. Ахэр дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ сабий гъэсапIэхэм анэдэлъхубзэ дерсхэр щезыгъэджхэм, адыгэбзэмрэ инджылызыбзэмрэ зэзыгъащIэ цIыкIухэми яхуэщхьэпэну дыщогугъ.

*Епсэлъар*
**ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**











# «Сыринэ» ныбжьыщIэ театр диIэнущ

**Зэи щымыIауэ ныбжьыщIэ театр ди республикэм иIэнущ. «Сыринэ» зыфIаща театр-студиер «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым къызэрегъэпэщ артист ныбжьыщIэхэм зыщагъэсэн папщIэ, адыгэбзэр зыгъэIурыщIэхэр, утыку итыным дихьэххэр ирагъэблагъэ.**

IЭЩIАГЪЭМ и щэхухэм зыхэзыгъэгъуэзэну, спектаклхэм щыджэгуну хуейхэр къыхахынущ фокIадэм и 12-м. КъэпщытэныгъэзэIущIэр щекIуэкIынущ Налшык къалэм, Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 45-нэ унэм. Ар сыхьэти 10-м щIидзэнущ. НыбжьыщIэхэр литературэ тхыгъэ (усэ кIэщI, Iуэтэжым щыщ пычыгъуэ) е гъащIэм къыщыхъуа зы теплъэгъуэ къеджэн хуейщ.

Студием зыщызыгъэсэнухэр илъэс 14 хъухэм щегъэжьауэщ. Ахэр тхьэмахуэм тIэу щызэхуэсынущ Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Зыгъэсэнур режиссёр, актёр Къанкъул Ислъамщ. НыбжьыщIэхэм яхуэкIуэ тхыгъэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу, ягъэувыну спектаклхэм я лъабжьэ хъуну пьесэхэр сабийхэм яхуитхынущ усакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэ. Апхуэдэуи нэгъуэщIхэм я къалэмыпэм къыпыкIIамэ, ягъуэтмэ, ахэри ягъэувынущ.

Дызэрыт илъэсым и гъатхэм зы спектакль игъэувакIэщ Ислъам. Къаныкъуэ Заринэ итха «МафIэгу» пьесэм къытращIыкIа лэжьыгъэм щыджэгуахэр Шэджэм школым щеджэ сабийхэр арат. Иджы зэпымыууэ лэжьэну студием зыщагъэсэнущ ныбжьыщIэхэм.

IэщIагъэр нэхъыфIу къызэхъулIэхэр спектаклхэм хагъэхьэнущ, Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ республикэхэм, Тырку къэралыгъуэм ахэр яшэнурэ щагъэлъэгъуэнущ.

Студием зыщызыгъэсахэм зэреджам щыхьэт техъуэ тхылъхэр (сертификат) иратынущ, «Сыринэм» щагъуэта щIэныгъэр IэщIагъэ яхуэхъуфынущ. Артист IэщIагъэр фIыуэ зылъагъухэм я хъуэпсапIэм япэ лъэбакъуэхэр хуачынымкIэ ар IэмалыфIщ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ **8-967-418-09-53**, **40-55-70** телефонхэмкIэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# «Псалъэ» - къалэдэсхэм адыгэбзэ щызрагъащIэ хэщIапIэ

**Налшык къыщызэIуах щIалэгъуалэ зэхуэсыпIэ гъэщIэгъуэнхэм язщ иджыри къэс хуэфэщэн гулъытэ зыхуэдмыщIа «ХъыбарыфIхэр» («Good stories») зыфIэзыщыжа тхылъ тыкуэныр.**

ЩЫРИ зым хэту жыхуаIэм ещхьу, тыкуэнуи, тхылъ хъумапIэуи, кофе ефапIэуи зыхъэзыгъэлъагъуэ Хъурей Санэ и хэщIапIэр Къэбэрдей уэрамым тетщ. Нэхъ пасэуи хъыбар къэIуауэ щытащ абы усэ фIыуэ зылъагъухэр зэрыщызэхуэсым теухуа хъыбар. Мы махуэхэм Санэ утыку къызэрихьа гупыжыр нэхъ гъэщIэгъуэныжщ. И ныбжьэгъухэу Битокъу Маринэрэ Балъкъэр Астемыррэ я гъусэу, Санэ къызэрегъэпэщ «Псалъэ» зыфIища, адыгэбзэкIэ щыуэршэрыну зыщагъэхьэзыр клуб.

«Хэт ди клубыр къыщIызэдгъэпэщыр? - ягъэув упщIэ адыгэбзэ клубыр зыгъэлэжьэнухэм. Езыхэми жэуап зратыж: - Илъэс 16-м фIэкIа дэмыхьэ зыми папщIэ. Дызэхуэзэху адыгэбзэкIэ фIэкIа дыпсэлъэнукъым. Псысэхэм деплъынущ, тхылъхэм деджэнущ, теплъэгъуэ цIыкIухэр дгъэувынущ, псоми зэгъусэу дытепсэлъыхьыжынущ. Дызэхуззэн ипэкIэ, зи гугъу тщIынум и хъыбар зэбгрыттыкIынущ».

«Мы гупыжыр апхуэдизкIэ куэд щIауэ си гум къыщызохьэкIри, сытемыпсэлъыхьыну схузэфIэкIыжыркъым, - щетх Хъурей Санэ и инстаграм напэкIуэцIым. - Куэдым ящIэ сэ адыгэбзэ зэрызмыщIэр. Срипсалъэркъым, къызгурымыIуэри нэхъыбэщ. Абы егъэлеяуэ щIиIэпхъукIыжа щхьэусыгъуэхэм язт адыгэбзэм дрипсэлъэну дызэрыхуейр. Куэдрэ зыдмыгъэгувэу, бзэм дыхуезыгъэджэн къэдгъуэтат, сыту жыпIэмэ дэ езым ди анэдэлъхубзэр къыдгурыIуэу икIи дрипсалъэу дыхъуа нэужь, ди сабийхэри абы хуедгъэсэну дыщIэхъуэпсырт. Илъэс ныкъуэ хуэдизкIэ дыкIуащ егъэджакIуэм деж. Ауэ аргуэру зы бэлыхь дыIууащ - зыри бзэм дрипсалъэртэкъым. Бзэр пщIэн папщIэ, абы урипсэлъэн хуейщ. Уи къэпсэлъыкIэм утемыукIытыхьу, пэжу къызэжьэдэкIыу пIэрэ макъхэр жыпIэу, умыгузавэу. Арати, Битокъу Маринэ сыщыхуэза махуэ гуэрым адыгэбзэ клуб къызэдгъэпэщыну мурад тщIащ, щыуагъэ хэту ущыпсэлъэну мыемыкIуу. Уи щыуагъэр щыуагъэлъагъужу, ауэ зыри къыщыпщымыдыхьэшхыу. ФIы дыдэу бзэр зыщIэ гуэри димыгъусэу хъунутэкъыми, апхуэди къэдгъуэтащ - зи адыгэбзэр зи урысыбзэм ебэкI зэпыт Балъкъэр Астемыр».

Адыгэбзэ ищIэ-имыщIэм емылъытауэ, абы ирипсэлъэну хуей дэтхэнэ зыри бэрэжьей къэс Хъурей Санэ «ХъыбарыфIхэр» зыфIища и хэщIапIэм ирегъэблагъэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# Iуэху щхьэпэм куэд зэхуишэсат

**Республикэм и Прохладнэ куейм и утыку нэхъыщхьэм «Армия-2021» урысейпсо дзэ-техникэ форум махуищкIэ щекIуэкIащ. Абы къызэхуишэсат республикэм щыпсэу куэд.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм абы хиубыдэу ирагъэкIуэкIащ «Си адэр тетщ гъуэгум зэрыщызекIуапхъэ хабзэм» Iуэхур. Абы хэтащ я адэхэр ящIыгъуу къэкIуа ныбжьыщIэхэр.

Дзэ техникэр щагъэлъагъуэм къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ районым и къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэри.

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и ОГИБДД-м и унафэщI, полицэм и майор АфIэунэ Мурат сабийхэри балигъхэри къыхуриджащ гъуэгум зэрыщызекIуэн хуейхабзэм тетыну, адрейхэми щапхъэ яхуэхъуну.



Юнармейцхэр, волонтёрхэр, жылагъуэ, IэнатIэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэр къызрихьэлIа Iуэхум хэтахэм гъуэгум щысакъыным къыхуезыджэхэр яIыгъыу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ икIи къагъэгугъащ гъуэгум зэрыщызекIуэн хуей хабзэр ягъэзэщIэну.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



# Коваленкэ Кирэ и фильмыщIэм теухуауэ хъыбарыщIэ зыбжанэ

**«IэштIымхэр щызэрыпхкIэ» зи фIэщыгъэ, КъБР-м щыщ режиссёр Коваленкэ Кирэ и фильмыр фокIадэм и 25-м щыщIэдзауэ Урысейм и киногъэлъэгъуапIэхэм къыщатынущ.**

ХЪЫБАРЫЩIЭМ щыгъуазэ дызыщI, фильмым и продюсер Роднянский Александр зэрыжиIэмкIэ, лэжьыгъэм иджыри ехъулIэныгъэ зыбжанэ зыIэригъэхьащ.

«Иджыблагъэ хэIущIыIу ящIащ Кирэ и фильмыр Европэм пщIэ нэхъ щызиIэ, Сан-Себастьян къалэм щызэхэтыну 69-нэ фестивалым и зэпеуэ программэ нэхъыщхьэм зэрыхагъэхьам и хъыбар, - щетх Роднянский Александр инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым. - Фестивалым хэтыну къыхэзых къэпщытакIуэхэм абы хагъэхьэ хабзэр илъэсым и кIуэцIкIэ нэм нэхъ зыкъыщIэзыдза, гу зылъезыгъэта, кино IэщIагъэлIхэмрэ критикхэмрэ я нэ къыфIэна, Испанием иджыри щамыгъэлъэгъуа фильмхэрщ».

«Фигу къэзгъэкIыжынщи, «IэштIымхэр щызэрыпхкIэ» фильмыр Канны къалэм щызэхэт хабзэ кинофестивалым саугъэт нэхъ лъапIэр япэ дыдэ къыщызыхьа урысей фильмщ, - етх адэкIэ Роднянский Александр. - Зэрыхъу хабзэуи, текIуэныгъэр зыэрыхьа фильмым щIы хъурейм кином щелэжь IуэхущIапIэ псоми гу къылъатащ. Ар ирагъэблэгъакIэщ пщIэшхуэ зиIэ фестивалхэу Теллурайд, Торонтэ, Нью-Йорк, Иерусалим, Варшавэ щекIуэкIынухэм. Иджы а къебжэкIым къыхэувэщ нобэ зи гугъу тщIы Сан-Себастьян щекIуэкIыну фестивалри».

Продюсерым зэрыжиIэмкIэ, Коваленкэ Кирэ и фильмыр пщIэшхуэ зиIэ апхуэдэ зэпеуэ зэрыхагъэхьар езы фильмым хуагъэув уасэр зэрылъагэм и щыхьэтщ.

Роднянскэм кIэщIу дигу къегъэкIыж Налшык щыщ хъыджэбзым триха фильмхэр зытеухуар. Ар щокIуэкI Осетие Ищхъэрэм щыщ, къурш зэхуакум дэкъузауэ дэс, фIамыщI къыщIэхыпIэ къалэ Мизур. Гукъутэ къэхъукъащIэ гуэрым иужькIэ къалэм къэIэпхъуауэ щопсэу фильмым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэм яз Заур и унагъуэр. И къуэри ипхъури ткIийуэ зыIыгъ адэм гъэсэныгъэмрэ гулъытэ егъэлеямрэ я гъунапкъэр IэщIокI. И къуэ нэхъыжь Аким ар хуэмыхьу Ростов лэжьакIуэ зэрыфIэкIуэрэ куэд щIащ. ЩIалэ нэхъыщIэ Дакко гъащIэм къыпихыну зыхуейр езыми ищIэркъым иджыри. Хъыджэбз закъуэ Адэ щIэпхъуэжыну и мурадщ. Адэм и IэплIэ быдэхэр зэрихыу хуиту псэуну хуей хъыджэбзым ар тыншу къехъулIэркъым.

Куэд къэнэжакъым Коваленкэ Кирэ и фильмыщIэм еплъыну щIэхъуэпсхэм ар щалъагъуну пIалъэр къэсыным. «Пионер» кинокомпанием и фыгъэкIэ фильмыр фокIадэм и 25-м Урысейм къыщагъэлъэгъуэн щIадзэнущ.

*Тхыгъэр хьэзыр хъуакIэт зи гугъу тщIы фильмым Иерусалим щекIуэкIа фестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр къызэрыхуагъэфэщам и хъыбарыр щызэхэтхам.*

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Уахэм хэзыгъэбзахэ

**Астрофизикхэр щыхьэт зытехъуэ къэхутэныгъэ телъыджэхэм ятепсэлъыхь Science Alert сайтым (Австралие) хъыбар зэрызэбгригъэхамкIэ, Шыхулъагъуэ (Млечный путь) галактикэм и кум хуэзэу япон щIэныгъэлIхэм «къыщалъэгъуащ» алъандэрэ зыщымыгъуазэу щыта пкъыгъуэ абрагъуэ.**

КIЭЛЪЫПЛЪАХЭМ гу лъатащ хьэршым гъуэз зэмылIэужьыгъуэу щызэхэувэ пшагъуэ гуэрэнхэм ящыщу, Шыхулъагъуэ галактикэм и кум хуэзэу щызэтрихьахэм къызэрекIуэкIыпхъэу зэрызыщамыгъазэм. Еджагъэшхуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар и нэщэнэщ, блэкI псори, здэкIуар кьахуэмыщIэу, зэуэзэпсэу зыщIэзылъафэ, хьэлъагъ ин дыдэ зиIэ нэрымылъагъу «мащэ кIыфIхэм» («чёрная дыра») ящыщ зым, астрофизикхэр алъандэрэ зыщымыгъуазэу щытам, абдеж зэрызыщигъэпщкIуам.



Абы ипэкIэ, щIэныгъэлIхэр зыбжанэрэ кIэлъыплъащ Шыхулъагъуэ галактикэм и кум псынщIащэу щызэрызехьэ гъуэзышэхэм я зыгъэзэкIэм. Абыхэм ящыщ зыр, HCN-0.085-0.094 нагъыщэ зратар, Iыхьищу зэхэтщи, языхэзым адрейхэм нэхърэ нэхъ псынщIэжу зегъэкIэрахъуэ. Ар къызыхэкIыу къалъытэр, а Iыхьэр хэкIыпIэншэу «мащэ кIыфIым» зэрызыщIилъафэрщ.

Хьэршым зыщызыгъэпщкIу мыбы хуэдэ нэрымылъагъуэ пкъыгъуэ абрагъуэхэр, къэашэч и лъэныкъуэкIэ, лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщэдз. Псалъэм папщIэ, абыхэм яхэтщ, ди планетэр зи гуэгъу вагъуэ жьэражьэм нэхърэ 62-кIэ фIэкIа мынэхъ хьэлъэ «цIыкIужьейхэри», ди Дыгъэм хуэдэу минищэ бжыгъэ къэзыгъэуэндэгъу, ямылейуэ зэхэуба «мащэ кIыфIыжьхэри». Шыхулъагъуэм и кум «къыщалъэгъуауэ» зыхужаIэр курыт хьэлъагъ зиIэщ.




# Зэпкърымыхауэ гъэжьа гуэгушыл

Гуэгушыр ягъэкъабзэри, псы щIыIэкIэ фIыуэ ятхьэщI. Щхьэри, лъакъуэхэри, нэгэгъури, тхьэмщIыгъури зыхуей хуагъазэ. Гуэгушылми, и кIуэцIфэцIми шыгъу щахуэ, фIыуэ хагъэхьэу. ИтIанэ ар дагъэ къэплъа зэрыт тебэшхуэм иралъхьэ, и щIыбыр егъэзыхауэ, кIуэцIфэцIри щIыгъуу. Гуэгушылым и щхьэфэм шатэ щахуэ, псы пщтыр тIэкIу щIакIэри хьэкулъэкIэ ягъажьэ сыхьэтитI хуэдэкIэ. ЩыжьэкIэ езым къыщIэж псыри, шати гуэгушым щыхуэн хуейщ, и теплъэкIэ тхъуэплъ дахэ хъун щхьэкIэ. Лы жьар тебэм кърахыжри, тепщэчым иралъхьэ. Тебэм къина псыри дагъэри яз, езы тебэр ятхьэщIри гъущэу ялъэщIыж, ар мафIэм трагъэувэри тхъу иракIэ. Абы цIыкIу-цIыкIуурэ упщIэта бжьыныху, шыбжий плъыжь сыр хьэжа халъхьэри бжьыныхум дыщафэ къытеуэху ягъэлыбжьэ. Гуэгушылым къыщIэжа лэпс дагъэр щIакIэ, мафIэр цIыкIу ящIри, тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 6-7-кIэ къагъавэ. Тебэр къытрахыж, джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 4-5-кIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, гуэгушыр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах е якъутэ, тепщэчым иралъхьэри бжьыныху лыбжьэ тракIэж. ПIастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цIыху тIощI Iыхьэ):***
гуэгушу - 1 (г 8000),
тхъууэ - г 200,
бжьыныху укъэбзауэ - г 300,
шатэу - г 250 - рэ,
псывэу - г 150 - рэ,
лэпсу е псыуэ - г 460 - рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Урысыбзэ, хьэрыпыбзэ...

**Урысыбзэр** славян бзэ гупым хохьэ. Ар цIыху мелуани 170-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы цIыху мелуан 320-рэ иропсалъэ. А бзэр щызокIуэ Урысей Федерацэм, Белоруссием, Украинэм, Къэзахъстаным, Къыргъызым, нэгъуэщI щIыпIэхэми.

**Хьэрыпыбзэр** цIыху мелуан 200-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы иропсалъэ цIыху мелуан 250-м щIигъу. Сауд Хьэрыпыр, Йеменыр, ОАЭ-р, Оманыр, Кувейтыр, Иракыр, Сириер, Иорданиер, Египетыр, Мароккэр – псори зэхэту къэрал 22-м я цIыхухэр.

**Путунхуа** - Китай бзэ гупым щыщщ. Ар цIыху мелуан 800-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы цIыху мелардым щIигъу иропсалъэ. А бзэм щропсалъэ Китайм, Тайваным, Малайзием, Сингапурым, Вьетнамым, нэгъуэщI къэралхэми.

# ФокIадэ – сентябрь

**Римлянхэм я япэ мазэу щыта мартым укъыдэбжэмэ, сентябрыр ебланэ мазэщ. «Септембе» псалъэм латиныбзэкIэ «блы» бжыгъэцIэр къикIыу аращ.**

АДЫГЭХЭМ а мазэм ехьэлIауэ фIэщыгъэ зыбжанэ къагъэсэбэп: Iуэгъуэ (время молотьбы колосовых), бжьыхьэпэмазэ (начальный месяц осени), гъубжэдэх (название праздника в честь окончания уборки проса).

Адыгэхэм бжьыхьэм и къихьэныр Вагъуэбэм елъытауэ ябжырт. Япэ бжьыхьэ мазэр иджырей сентябрыр арат, абы и 22-м къихьэу. Бжьыхьэпэ мазэр къихьамэ, гуахъуэ хэх укIуэ хъунущ, жаIэу щытащ. Ар цIыхухэм фIыуэ ягъэунэхуа Iуэхут. Бжьыхьэр къихьамэ, жыгхэм я хэхъуэныр щагъэт, пхъэ кумылэр мэж, пхъэ хъунур ягъэхьэзыр. Мы мазэм щхьэкIэ «Си хьэр цIыху хъуащэрэт» – щыжаIэ зэманщ», - жаIэрт адыгэхэм. ЦIыхукIэ хуэмыщIа унагъуэхэм мэшых щIыхьэху ящIырт. Гъавэ бэв къайхъулIарэ яхузэщIэмыкъуэжмэ, ярикъуным хуэдиз яIуэрти, адрей къэнар щэджу зэтралъхьэрт. ЩIымахуэ щIэкIауэ щэдж уиIэныр фIыуэ, унагъуэ хуэщIам и нэщэнэу ябжырт. Абы къыхэкIыу, зыгуэрым и Iуэху къимыкIамэ, «и щэджыжьыр иIуэжащ» жаIэрт. Мыбы ехьэлIат «хьэм тетыгъуэ» жыхуаIэри. Ар хьэблэм е къуажэм зы хьэм яIэу абы чэзууэ щылажьэу зэрыщытам и щапхъэу къэнащ. ГъавэщIэ кърахьэлIэжам сэджыт, бытыр хуэдэхэр хатыкIын ипэ, «хамэIу-мыхуэ» жаIэрти тхьэлъэIу цIыкIу ящIырт. ГъавэщIэм щыщ япщэфIырти яшхырт, итIанэ псапэ ящIэн щIадзэрт. Гъавэм щыщу бытыру бгъум епщIанэр ятырт; Iэщым, мэл, бжэнхэм – щынэ плIыщI къэс зы яту арат, ауэ нэхъыбэ птынуи фIыт.

Мы мазэм нэгъуэщI зы тхьэлъэIуи хиубыдэрт – Гъубжэдэх жыхуиIэр. Ар унагъуэ тхьэлъэIухэм ящыщ зыщ. ТхьэлъэIум щынэхъыщхьэр унэгуащэрт. Ар зэрекIуэкIыр мыпхуэдэут. Губгъуэм итахэм ящыщу Iуэн зыухахэм я пщэм гъубжэ дэлъу пщIантIэм къыдыхьэжхэрт. Унэгуащэмрэ сабийхэмрэ гуфIэу абыхэм къапежьэрти хъуахъуэрт, гъэр узыншэу зэрызэщIалъхьам щхьэкIэ тхьэшхуэм фIыщIэ хуащIу. ИтIанэ унэгуащэр Iэбэрти, зыгуэрым и пщэм дэлъ гъубжэр къыдихыну хуежьэрт. АрщхьэкIэ, гъубжэр зи пщэм дэлъым ар къыдригъэхыртэкъым. ИтIанэ унэгуащэм хьэлывищрэ махъсымэ фалъэрэ губгъуэм щыIахэм къахущIихьэрт. Ар къыдыхьэжахэм я нэхъыжьым иритырти, хъуахъуэурэ псоми я пщэм дэлъ гъубжэхэр къыдихырт, ахэр хьэщIэ лъапIэм ещхьу кригъэблэгъэжырт. Мыбы щыгъуэ гъавэщIэр щапщэфI къэхъурт. А гъавэщIэм щыщ яшхмэ, абы иужькIэ хамэ-Iумыхуэ тхьэлъэIури занщIэу ящIу щытащ.

# Зэхуэфащэ зэщауэгъущ

**♦Закъуэныгъэ нэхърэ - Iэл къыбдис.**
**♦Зэдэшхэ IэфIщи, зэдэфI унэщ.**
**♦Имысрэ сымаджэрэ Iыхьэншэщ.**
**♦КъакIуэ псори благъэщ.**
**♦Къуэш лей щыIэкъым.**
**♦Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.**
**♦Зи щхьэ Iуэху зыхуэмыщIэжыр хамэ IуэхукIэ ерыщщ.**
**♦Къуажэ ин нэхърэ - къуажэ и благъэ.**
**♦Зи щхьэр къабзэ, зи гур бзаджэ.**
**♦Фэ зытетым гу кIуэцIылъщ.**
**♦ФэкIэ щIалэрэ гукIэ лIыуэ.**
**♦Къомыхъуэжынур, къомыщэжынур уи анэрэ уи нитIрэщ.**
**♦ЩIыр бжьэкIэ епщри, къыпыщым тоувэ.**
**♦Дыщ мэжаджэ IэфIщ.**
**♦Зэдэшхэ IэфIщи, зэдэфI унэщ.**
**♦Джэду хьэжы зыкъещI.**
**♦Зэхуэфащэ зэщауэгъущ.**
**♦Зегъэуби, уи бын пIыж.**
**♦Кърум шыр имыIэмэ, зы бзущ.**
**♦Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ - жылэ и зырыз благъэ.**
**♦Нэм псэр зыщIешэ, гум гур къреджэ.**




# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЦIыхубзыцIэ е Къардэнгъуэщ I Зырамыку игъэззащIэ уэрэдыжь. **4**. ХъуэпсапIэ, гуращэ. **5**. Китайм щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм дыщэ медаль къыщызыхьа адыгэ пелуан. **9**. Таурыхъ, шыпсэ, ... **10**. Жыг ... **11**. Аруан районым щыщ къуажэ. **12**. Iэщ цIыкIу. **15**. Нарт лIыхъужь. **16**. Цы щабэ зытет, зи гъащIэм и нэхъыбэр псым щызыхь хьэкIэкхъуэкIэ цIыкIу. **18**. Зи къупщхьэхэр къыхэщ цIыху уэд. **20**. Псыежэх псынщIэ. **21**. Дэнэ щIыпIи куэду къыщыкI, Iэщым фIыуэ яшх удз.

***Къехыу:*** **1**. Хамэ къэрал кIуэну щIалэм и ... къокI. **2**. Зеиншэ. **3**. Шатэ е тхъуцIынэ гъэвэжам и щхьэм къытрещIэ. **4**. ЦIыху ... е псалъэ ... **6**. ЩIакхъуапхъэ. **7**. Бахъсэн районым хиубыдэ къуажэ. **8**. Чыцэхэм, мэкъупIэхэм щыпсэу къуалэбзу цIыкIу, щIагъуэу мылъэтэфу. **13**. Бий зэрыпхъуакIуэхэм нанэм ... хуищIащ. **14**. ... хэтIасэмэ, пхуэгъэхъужыркъым. **17**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **19**. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьакIуэ, еджагъэшхуэ, критик. **20**. Шым и кIуэкIэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

**Шыщхьэу Iум и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

ЕкIуэкIыу: **1**. Амман. **4**. Пхъашэ. **7**. Шхуэ. **9**. Рим. **10**. Акъужь. **11**. Хьэрш. **13**. Хахуэ. **15**. Абазэхэ. **18**. Молэ. **19**. Санэ. **20**. Хукхъуэ. **22**. Топ. **24**. ЩIэп. **25**. ЕнтIыр. **26**. Арджэн.
Къехыу: **2**. Мэшбэв. **3**. Ажэ. **5**. Хьер. **6**. Шумахуэ. **8**. Кукъу. **12**. Шабзэ. **13**. Хэхэс. **14**. Бзу. **16**. Шортэн. **17**. Гъунапкъэ. **21**. Кхъужь. **23**. Пхъы. **24**. ЩIэр.

# Жьы хъуа жыIэкIэхэр

**Хьэлыуэ Iэпищ.** ФэрэкI къызэуза сабийр хъужа иужькIэ, хьэлIамэ хуагъавэрт, сабийм и Iэпищым и пIэ тедзауи гъунэгъухэм хуахьырт, я сабийр зэрыхъужам иджы укъыкIэлъыкIуэ зэрыхъунум и щыхьэту.

**Гъуэгудэгъазэ.** Мыр адыгэхэм хьэщIэм хуащI пщIэм, кIэлъызэрахьэу щыта хабзэхэм ящыщ зыщ. Къуажэм дэкIыу гъуэгу техьам, хьэщIэ къакIуэу илъагъумэ, къигъэзэжырти къуажэм нэс къигъэблагъэрт, хьэщIэм хуит къищIыжмэ, и гъуэгум пищэжырт.

**Гущэкъуибзэ.** Адыгэхэм хабзэу къадекIуэкIыу щытащ зы жэщым жылэм къыдалъхуа щIалэ цIыкIумрэ хъыджэбз цIыкIумрэ я гущэкъу зэхурабзэу. Ахэр балигъ хъуа иужькIэ унагъуэ хъун хуейуэ арат.

# Къэбым и IэфIыр

Хьэжыгъэр (нартыху хьэжыгъэри, гуэдз хьэжыгъэри, нэгъуэщIри) шхыныгъуэ къыхащIыкIын и пэ къихуэу, Iэмал имыIэу кхъузанэкIэ яухуэнщI, жьы щIихун щхьэкIэ.

* * *

ГъэшхэкIхэр нэхъ куэдрэ зэIыхьэркъым зэрыт хьэкъущыкъур бинткIэ щхьэщыпхыкIауэ щIыIэпIэ бгъэувмэ.

* * *

Къэбыр щагъавэкIэ псы куэд щIакIэмэ, цIынэ мэхъу, и IэфIри щIех.

* * *

Ныбапхъэр щалъэскIэ, зэралъэс псым содэ хакIутэ, абы нэхъ псынщIэу егъэкъабзэри, ауэ а содэм егъэкIуэд ныбапхъэм хэлъ витамин С-р.

* * *

ТхьэмщIыгъуныбэ, нэкулъ щагъавэкIэ мафIэр драшейркъым, кIэтIий кудар къэуэнущи.

* * *

КIэртIоф укъэбзар псы щIыIэм хэлъмэ фIыцIэ хъуркъым.

* * *

КIэртIоф пIастэ ящIыну кIэртIоф гъэвар бэлагъкIэ яуб. Иджы нэхъыбэм кIэртIоф гъэвар лыхьэжым щIагъэкI хъуащ. Ар нэхъ псынщIэу зэфIэкI щхьэкIэ, абы кIэртIоф пIастэр фIыцIэ ещI икIи витамин С-р егъэкIуэд.

* * *

ДжэдыкIэр щаудэкIэ ар зракъутэр хьэкъущыкъу лащ.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

# Щэнхабзэ дауэдапщэхэм къалэр дэщIэращIэт



**КъБР-м и Къэралыгъуэм, Конституцэм, ЩIэныгъэм, Налшык къалэм я махуэхэр ди республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ.**

А МАХУЭМ ирагъэкIуэкIыну яубзыхуа дауэдапщэхэр «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым» деж къыщыщIадзащ. Япэ ита нэхъыжьыфIхэм, зи псэр Хэкум щIэзытахэм хуащI пщIэр къагъэлъагъуэу, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэри, дакъикъэкIэ хуэщыгъуащ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм я щIыхьыр ягъэлъэпIащ Налшык къалэм и мэр Ахъуэхъу Таймураз, Ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа, мэрым и къуэдзэхэу Атмурзаевэ Земфирэ, Пащты Аслъэн, Мэремыкъуэ Альберд сымэ, нэгъуэщIхэми.

## «Си Республикэ»

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща дауэдапщэхэм хэту, фокIадэм и 1-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм къыщызэIуахащ «Свой стиль» клубым хэтхэм я сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ЩхъуантIагъэм и курыкупсэм щащIа выставкэр зи жэрдэмыр гупым илъэс куэд щIауэ хэт Пузенкэ Дмитрийщ.

- Музейм кIуэ зи хабзэхэм, сурэт техыныр фIыуэ зылъагъухэм ящIэ илъэс къэс фокIадэ мазэм Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм гъэлъэгъуэныгъэ зэрыщытщIыр. ИджыкIэ музейм и пэшхэр зэрызэпэубыдам къыхэкIыу, жыг хадэм ди лэжьыгъэхэр утыку къыщитхьэну дытегушхуащ, си гугъэмкIэ дыщыуакъым. Къалэдэсхэм ягу ирихьауэ зыкъыдагъащIэмэ, мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ тщIыну къыдогъэгугъэ, - жеIэ клубым и унафэщI Лукьяненкэ Иван.

Абы и псалъэхэм пищэу клубым хэт Байсиев Ахъмэт жиIащ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм къахьа гъэлъэгъуэныгъэм еплъыфыну нэхъыбэм Iэмал зэраIэр, сыт щхьэкIэ



жыпIэмэ, музейхэм кIуэм нэхърэ паркым щызекIуэхэр хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъыбэщ.

«Си Республикэ» гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ Лукьяненкэ Иван, Байсиев Ахъмэт, Журт Хьэсэн сымэ я сурэт гъэщIэгъуэнхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Свой стиль» клубыр мыинми (цIыху пщыкIутху хэту аращ), зэман кIэщIым къриубыдэу цIэрыIуэ зэрыхъуар.

- Сурэт техыным куэд дехьэх, ауэ сурэт техыным и хабзэхэм хуеджэну, абы тетыну хуейхэр закъуэтIакъуэщ. Ди республикэм щылажьэхэр портретым нэхъ гугъу дохь, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, и нэхъыбэм сурэт ятетхыу яфIэфIкъым, абы елъытауэ, щIыуэпсым дихьэххэм я Iуэхур куэдкIэ нэхъ тыншщ, - жиIащ сурэттех Iэзэ Подвэ Александр.

«Свой стиль» клубым и гъэлъэгъуэныгъэм республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ ящыщ цIыху куэд къызэтеувыIэурэ еплъащ.

ГъуазджэхэмкIэ Налшык дэт сабий школ №1-м щIэсхэм абдеж къыщызэрагъэпэща концерт гъэлъэгъуэныгъэм нэхъыбэж кърishэлIат.

## ГуфIэгъуэм зэщIиIыгъэт

НАЛШЫК къалэр гуфIэгъуэм зэщIищтат, дэнэкIи макъамэ къыщыIурт, школ фащэ екIухэмкIэ хуэпауэ, япэ классым кIуэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм я дыхьэшх макъыр зэхэпхырт.

«Восток» кино гъэлъэгъуапIэм и гупэм «Родник» къэзакъ хорымрэ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я «Эстафета» хор гупымрэ зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Къалэщхьэм и Искож хьэблэм «Налшык - фIыщэу слъагъу си къалэ» фIэщыгъэм щIэту сабийхэр щызэпеуащ асфаль-тым сурэт тещIэнымкIэ . Ар къызэригъэпэщащ сабий творчествэмкIэ «Эрудит» центрым. Зэпеуэ нэужьым махуэшхуэхэм хуэгъэпса концерт щагъэлъэгъуащ абдеж.

Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етынымкIэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ центрыр концерт гъэщIэгъуэнкIэ къалэдэсхэм я пащхьэ ихьащ.

Къэбэрдей уэрамым щекIуэкIащ «Прогулка с автором» фIэщыгъэм щIэт Iуэху дахэ, уэрам гъуазджэм и фестиваль. Пщыхьэщхьэм щагъэлъэгъуа фильмым цIыху куэд кърихьэлIат. Абы ирихьэлIэу кхъухьлъатэтедзапIэм и гъунэгъу хьэблэм «Гъэмахуэр едгъэжьэжу» фIэщыгъэм щIэт щIалэгъуалэ акцэ щрагъэкIуэкIащ.

## ШахматхэмкIэ улъэщ-улъэщ?

ФОКIАДЭМ и 1-м КъБР-м игъэлъапIэ гуфIэгъуэ зыбжанэм егъэщIылIауэ Налшык къалэ администрацэм физическэ культурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ управленэмрэ «Шахматхэмрэ шашкэхэмкIэ Ладья спорт школымрэ» шахматхэмкIэ турнир къызэрагъэпэщри ирагъэкIуэкIащ.

«Каисса» шахмат клубым щекIуэкIа зэпеуэм илъэси 7-17-м ит ныбжьыщIэ 28-рэ хэтащ.

ЗэпэщIэувэныгъэ гъэщIэгъуэнхэм, уеблэмэ гуащIэхэм яужькIэ увыпIэхэр мыпхуэдэу ягуэшащ:

*Нэхъыжьхэр:*
1.ТекIуий Эмир
2. ПIаз Тенджыз
3. Хъуран Камиллэ

*Хъыджэбз цIыкIухэм я деж:*
1.Бабгуей Дисанэ
2. Жыгун Алинэ
3. БжьыхьэлI Каролинэ

*Илъэсийм нэсхэм я зэпеуэм:*
1.Нартокъуэ Микаэль
2. Зимин Давид
3. КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий

*Илъэс 14-м нэс зи ныбжьхэм я деж пашэныгъэр щызубыдар* ТекIуий Валерэщ.

Къызэгъэпэщак Iуэхэр зэпеуэм хэта ныбжьыщIэхэм ехъуэхъури, медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.860
Заказ №1980